ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ІПСАУЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ГЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№64 (21.972) ● 2011 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 15, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Нэхъыжьхэм защІэгъэкъуэным теуху республикэпсо щэбэт щІыхьэху егъэкІуэкІыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011гъэм мэлыжьыхьым и 14-м №106-П-П

Ветеранхэмрэ зи ныбжьыр хэкІуэтахэмрэ ядэІэпыкъун папщІэ бюджетым щымыщ ахъшэ къызэщІэгъэуІуэным теухуауэ «2007-2011 гъэхэм ветеранхэм, ныкъуэдыкъуэхэм, зи ныбжьыр хэкІуэта цІыхухэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етыныр» республикэ программэ хэхам къыщыгъэува Іуэхугъэр гъэзэщІэн мурадкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюзхэм я федерацэмрэ къыхалъхьа жэрдэмыр ядэІыгъын икІи нэхъыжьхэм защІэгъэкъуэным теухуа республикэпсо щэбэт щІыхьэхэр 2011 гъэм мэлыжьыхьым и 16-м егъэкІуэкІын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щІыпІэ администрацэхэм, зи мылькуу щытымрэ я къызэгъэпэщыкІэмрэ емыльытауэ, Іуэхущ1апІэхэм, предприятэхэм, организацэхэм чэнджэщ етын нэхъыжьхэм защІэгъэкъуэным теухуа республикэпсо щэбэт щІыхьэхэм хэтыну икІи я зы махуэ лэжьапщІэ щІыхьэхум и фондым ягъэхьыну.

3. Республикэпсо щэбэт щІыхьэхум хэтхэм нэхъыжьхэм ядэІэпыкъун папщІэ зэхуахьэс псапащІэ взносхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым халъхьэ «Урысей Федерацым и субъектхэм я бюджетхэм налогхэм щымыщу къаІэрыхьэ къинэмыщІ хэхъуэхэр» фІэщыгъэщІэр зиІэ 961 1 17 05020 02 0000 180 кодым и «Федеральнэ казначейством и органхэм Урысей Федерацэм и бюджет Іэнатіэхэм трагуашэ хэхъуэхэр» счет №40101810100000010017-м.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм (Тобеев А. И.), Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкіэ и министерствэм (Бышэн А. А.) яхуэгъэувын 1941-1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм хэтахэмра абы ныкъуэдыкъуэ щыкъуэхэмра, апхуэдизу зауэм хэкІуэдахэм я щхьэгъусэхэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етыным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2005 гъэм накъыгъэм и 4-м къыдигъэкІа Указ №229-УП-м къызэрыщыгъэпьэгъуам хуэдизу, Хэку зауэшхуэм хэтахэм, абы ныкъуэдыкъуэ хэхъуэхэхэм, зауэм хэкІуэдахэм я щхьэгъусэхэм гъэ кІэс зэ тыгъуэу зэрадзІэпкІыху ахъшэр дэтхэнэми сом мини 5 хуэзэу етынэ? Іуэхум накъыгъэм и 9-м ирихьэлІэу зэфІагъэкІыну. Ахъшэр зыхухахахэм кредит Іуэхущ1апІэхэм къыщыхэзІуахэ я счетхэм ираІыхь я «Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал предприятэ зэгухэм и къудамэм - федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Управленэм и Іуэхущ1апІэхэм я лэжьакІуэхэм щІыхэр щыпсэу щІыпІэхэм хуахь.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩІалэгъуалэм я Іуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныжьмкІэ и министерствэм (Пащты Б. С.) хуэгъэувын нэхъыжьхэм защІэгъэкъуэным теухуа республикэпсо щэбэт щІыхьэхэр зэрырагъэкІуэкІыр къэзыгъэлъагъуэ тхыгъэхэр республикэм и щІыхэб хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм къыгтрадзэныр къызэригъэпэщыну.

6. Мы унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыну и пщэ илъхьан Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэм и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Гертер И. К.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ АБРЭДЖІэдиб.

●КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

Налогыр транспортым и фІагъми тещІыхьыпхъэщ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэІуцІэр иригъэкІуэкІащ законхэр кьыдэзыгъэкІ органым и Іэтащхэ Чеченов Ануар, ЗэлушІэм и пащІэдэхэм ар «Захуагъэ зэрыщІэ Урысей» фракцэм и унафэщ Кебеков Владимир екъуэхъуэр, абы КПРФ-м и ЦК-м къыхунгьэфэща «Космонавтикэр илъэс 50 ирикъуащ» фэеплъ медалыр иритыжащ.

ЗАКОНОДАТЕЛЬСТВЭМРЭ къэрал ухуэкІэмкІэ комитетым и унафэщІ **Іэпщ Заур** Президиумым и зэІуцІэм кьыщыхилъхьащ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм я Іуэхукіэ» КЪР-м и законым и проектым теухуа Іуэхур. Мы документыр ягъэхьэзыращ КЪР-м и Конституцэм и Іуэху щхьэхуэхэмкІэ зэрымыварэзымкІэ КЪР-м и прокурорым кьыгъэхьар депутатхэм кьыізэращтам тещІыхьауэ. Проектым кьыщыгъэуващ нэгъуэщІ къэралхэм щыпсэуа ди лъахэгъуэхэр кьешэлІэжьынымрэ я пІэ игъэзэгъэжьынымрэ республикэм и унафэм щІэт Іуэхуэхэм кьыхэгъэкІын хуейуэ. Апхуэдэ Іуэхуэхэр хагъэхьэж УФ-мрэ КЪР-мрэ зэщІыгъуу унафэ зыхуащІхэм.

Бюджетымкіэ, налогхэмрэ финансхэмкіэ комитетым и унафэщІ **Ахъуэжьы Къанщобий** кьэпсэльащ «Транспортым папщІэ налогым и Іуэхукіэ» КЪР-м и Законым и 7 статьям халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм ятеухуауэ. Мы законопроектыр хуэунэтІащ экологием зэранытІэ езымыт транспортыр лІэужьыгъуэхэр нэхъыбэу кьэщІэхуным цІыхуэхэр тегьэгушхуэным.

Ахъуэжьу Къанщобий апхуэдэу тепсэлъыхьащ «Шыналъэ налогхэмкІэ кьатена щІыхуэхэм, пенязмрэ зэреткьэкъуа ахъшэмрэ ящыщу узыщІигугъыж мыхъунухэр кьызэралыытэ щхьэусыгъуэщІэхэм я Іуэхукіэ» КЪР-м и законым и проектым.

«КЪР-м хьэрыфэт Іуэху мыинымрэ хьэрычэт Іуэху курытымрэ зыщІегъэужьыным теухуауэ» КЪР-м и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэзыльхьэ проектыр депутатхэм я пащхьэ кьырильхьащ Экономикэ политикэмкІэ, мылькумрэ хьэрычэт Іуэхумкіэ комитетым и унафэщІ Марьяш Ириня. Мы законопроектым итіа ятІэ КЪР-м и гъэзэщІакІуэ властым и органхэм дагьэпхьэху кьалытэ УФ-м и адрей субъектхэм я щІыналъэхэм зи продукцэр щызыщІэ, Іуэхутхьэбзэхэр щызэфІэзыгъэкІ, къэрал щІыб экономикэ лэжьыгъэ езыгъэкІуэкІ, инновацІэ Іуэхум нэхъ жьыдэхэр хэтхэрычэт лэжьакІуэхэр.

КъэІэрыхьэ тхыгъэхэм щыгъуазэ защІри, Президиумым хэтхэм унафэ кьащтащ республикэм и щэнхабзэм и лэжьакІуэхэу Мэкъуауэ Мухьэмэд- Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым щыщ Дзэлыкъуэкъуажэ кьалэ жылагъуэм Щэнхабзэмкіэ и унэм и «Ислъэмей» ансамблымрэ «Шууей цІыкІу» сабий ансамблымрэ я пшынауэм, Мысост Вадик - Щоджэнцыкіу Алий и щэр зэзыхьэ Къэбэрдей ксэрал драмэ театр» къэрал щэнхабзэ Іуэхущ1апІэм драмэмкІэ и артист нэхъыжьым, Сивцовэ Маринэ - «Къэрал музыкэ театр» къэрал щэнхабзэ Іуэхущ1апІэм и уэрэджьІакІуэм, Хьэцыкіу Мадинэ - «ЦІыхубэ художественнэ Іэщ1агъэхэм я республикэ центр» къэрал щэнхабзэ Іуэхущ1апІэм и методистым КЪР-м и Парламентым и Щ1ыхь тхьыльр етыным теухуауэ.

Ухуэныгъэмкіэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкІэ комитетым и унафэщІ **Гриневич Валерий** Президиумым хэтхэр щыгъуазэ ящІащ КЪР-м и Парламентым щыхуэхэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етыныр» псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэр къэгъэщІэрэщІэжьынымрэ ехьэлІа Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ятеухуауэ УФ-м и Правительствэм и Унафэщ1 Путин Владимир зэрызыхуигъэзам и жэуап УФ-м щІыналъэхэм зегъэужьыныкІэ и министерствэм кьыбгъэдэкІыу кьаІэрыхьэжам. Монополиехэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и предприятэхэмрэ я Іуэхутхьэбзэхэм я гъэзэгъэнэщІ КЪР-м ЩІалэгъуалэм я Іуэхугъэмрэ Африкэмрэ я къэралхэр зэпІэзэрыт хьужьын папщІэ ахуэзэфІэкІкІэ ядэІэпыкъуну.

Декларацэм къызэрыщыгъэпльэгъуажмкІэ, Бразилиер, Индиер, Китайр, Африкэ Ипщэр арэзыщ Урысейр Дунейпсо сату зэгухьэныгъэм (ВТО-м) хихьэныжмкІэ.

Марсым нэс

РИА НОВОСТИ хъыбарегъащІэ Іэнатіэм кьыізэритымкІэ, УФ-м Федерацэмкіэ и Советым кьыщыпсальэу, дыгъуасэ Урысей хьэрщым и унафэщІ Перминов Анатолий зэрыжиІамкІэ, Марсым кІуэну кхъухьыр хьэршым зэрыдзэлъэтеинум хьэзыр хуэхъунукъым нобэ хуагъэхьэзыр пэтми.

- Марсым дынэсын папщІэ кхъухьэр ар зэрылэжьэну, ядернэ Іэмалыщ1эхэр къэзыгъэсэбэпыну двигателри тщІын хуейщ. Ахэр хьэзыр хьумэ, а планетэ пльыжьым зы мазэ фІэкІа гъуэгу темыту, цІыкуэхэр нэсынщ, - жиІащ абы.

Перминов Анатолий кьызэрыхигъэщакІэ, апхуэдэ двигателыр 2019 гъэм хьэзыр хуэну хуагъэфащэ, кхъухьыр 2025 гъэм нэхъ пасэу яхуэзнкърылъхьэнукъым. А тІум я лэжьакІэр эзтеубзным иджыри илъэси 10 хуэдизу текІуэдзэну тращІыхь.

Перминовым зэрыжиІамкІэ, двигателхэмкІэ Марсым кІуэ гъуэгуанэ кІыхьым утегушхуэныр акъылыншагъэщ. ИкІи апхуэдэ Іуэхущхуэр зы къэрал закъуэм хуэгъэкъуруунукъым. Абы къыхэкІы, зэгурыІуэныгъэ 10 хамэ къэралхэм иращІылэну, Іэ зыщІдзагъэххэ зэгурыІуэныгъэ 4-р гъэзэщІэн щІадзэну я мурадщ.

Н Ф Ъ Э

♦Щэнхабзэм и дунейпсо махуэщ

♦КНДР-м и лъэпкъ гуфІэгъабзэщ - Дыгъэм и махуэщ (Корее социалист къэралыр кьызэзыгъэпэщащ, КНДР-м и япэ президент Ким Ир Сен кьыщалъхуа махуэщ (1912-1994).

♦ Мэлыжьыхьым и 15-16-хэм Ялтэ (Кърым) щекІуэкІыныщ СНГ-м Экономикэмкіэ и Советым и 49-нэ зэІуцІэ.

♦ Мэлыжьыхьым и 15-20-хэм Панамэ щызэхэтынущ Парламентхэм я Союзым и 124-нэ Ассамблее.

♦1912 гъэм «Титаник» кхъухь абрагъэуэр щІилъэфащ.

♦1395 гъэм Темырланрэ Тохьэтэмышцрэ Тэрч и дежьщ1эзэущ.

Дунейм и щІыпІэнур: «meteonovosti.ru» сайтым кьызэритымкІэ, нобэ Налшык пщэр техьэ-текІыу щыщытыну, къешх-къеж щыІэну къым. Хуабэр махуэм градус 18-м, жэщым - градусийм нэсынущ.

ПІанэпэр зыгъэхьэзырар **ГЪУЩІО Зарифщ.**

Щэнхабзэм теухуа зэхуэсышхуэ

Дыгъуасэ Грозныз къалэм къыщыізэІуахащ Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу щэнхабзэм зегъэужьыным хуэхуэна къэрал поштым и къэм теухуа зэхъыхьэщхуэр. Абы кърихьэлІащ Дагьыстэным, Ингушым, Щэщым, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Щэрджэсым, Осетие Ищхьэрэм - Аланием, Ставрополь краим я лыкІуэхэр.

МЫ ЗЭІУЩІЭМ хиубыдэу «Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу лъэпкъ мыинхэм я щэнхабзэм зегъэужьыным хуэгъэзэна къэрал дэІэпыкъуныгъэр лъэпкъхэм я зэпыщІэныгъэхэр гъэбыдэныжмкІэ хэкІыпІэщ1 щІэныгъэ конференц ирагъэкІуэкІынущ, лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм яцІыщ цІыху Іэпщ1элъапщІэхэр я Іэдакъэщ1экІэр ягъэльэгъуэнущ, «Кавказым и хабзэхэр» фестиваль кьызэрагъэпэщынущ.

ЩІэныгъэ конференцым ди республикэм и лъэпкъ щэнхабзэ центрхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм теухуауэ доклад щищІынущ КЪР-м и делегацэм и Іэтащхьэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Фырэ Руслан.

КЪР-м и делегацэм хэту ди гъунэгъу республикэм кІуахэм щыщущ КЪР-м ЩІалэгъуалэм я Іуэхуэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныжмкІэ и министерствэм лъэпкъ щэнхабзэ центрэм ядэлажьэныгъэ кьэзакъэм я Іуэхуэмкіэ и къудамэм и Іэщ1агъэІэксперт Къарэ Ратмир, республикэм Гуманитар кьухуэтэныгъэхэмкІэ и институтым этнологиемкІэ и къудамэм и щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыжь, философие щІэныгъэхэм я кандидат Бозиевэ Гульфия, «Кодумаа» эстон лъэпкъ-щэнхабзэ центрым и тхьэмадэ Романн Маргет, «Днипро» украин лъэпкъ-щэнхабзэ центрым-рэ «Товуши» журт жылагъуэ-лъэпкъ центрымрэ щыщ уэрэджьІакІуэхэмрэ музыкантхэмрэ.

Зэхъыхьэр мэлыжьыхьым и 17-м нэсыхукІэ екІуэкІыныщ.

КЪР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Республикэм исхэм гу зылъатапхъэ

Гъэ хъэси хуэдэу, мэлыжьыхьым и 1-м щегъэжьауэ республикэм жылагъуэхэр гъэкъэбзаным теухуа магазитІ лэжьыгъэ щрагъэкІуэкІ. Абы хиубыдэу уэрамхэр, пщІанэтІэхэр, зыгъэпсэхупІэ хадэхэр, зэІуэнтІэщ ящІынущ, зэлъпІуахынущ.

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 16-м республикэпсо щэбэт щІыхьэху щрагъэкІуэкІынущ жылагъуэхэр зэІуэнтІэщ щІыным, зэлъпІуахыным теухуауэ. Абы жьыдэжру хэтыну дэ лэжьакІуэ гупхэм, республикэм и псоми дащогугъ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр дэ псоми ди зэхуэдэ унэщи, ар ди къару зэхэлъкІэ кьабзэлъабзэу тхузэхьэнущ. Псоми ди щІыналъэгъэблагъэ ди щІыналъэр, жылагъуэхэр зыхуэ ядэ хуэгъэзэным жыдэжру фыкъыхьыхьэну.

КЪР-м ЩІыуэпсымрэ дыкъэзыухъуреихь дунейр хуэмызыкІэ и министерствэ.

●Промышленность

Линэщ1э къызэІуах

Аруан районым щыІэ «ЭРПАК» ЗАО-м и БнатпрЭ зэрырагъэфІэкІуам и фІыгъэкІэ, картон зэтепщІыкІэр кьыщІэзыгъэкІ етІуанэ линэр прагъэжьащ.

АБЫ папщІэ ягъэуващ Китайм и «Цзинь Шань Маш» фирмэм щащІа, мазэм гофротарэу метр зэбгъуэнатІэ мелуани 2-м зэрелэжьыну гофроІэмэпсымэщІэр. Линэр щаутІыпщым а пщІэр япэу лъагъэсащ КЪР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэм и къэлэнтІэр зыгъэзащІэ **Уянаев Казымрэ** промышленностымкІэ, связымрэ информатизацэмкІэ министрым и пщэрыльхэр езыльхьэ **Евтушенко Сергейр.**

Уянаев Казым кьыхирэщащ инвестицэ проект купщІафІэхэр даІыгъыну зэрыльхьэзырыр.

- Фейдэ пылъу лажьэ предприятэхэм къэралым и щэсыпІэхэр кьахуэзэдгъэпэщынпащІэ, хэкІыпІэ псори кьэсэгъэсэбэпхэ уэгІщ, - кьигъэльэгъуащ абы.

«ЭРПАК» ЗАО-м и унафэщІ **Ерчэн Жамболэт** зэрыжиІамкІэ, линэщІэр КИФЩІ-м и щІыналъэм щыпсэуфІ иджырей Іэнатіэхэм ящыщщ. Иджыри кьыздэсым предприятэм мазэм картону метр зэбгъуэнатІэ зы мелуанрэ мин щитхуэ я кьыщІигъэкІыу щытамэ, дяпкІэ я бжыгъэр мелуани 9-м нагъэсынущ.

«ЭРПАК»-р картонхэр зыгъэхьэзырхэм зэрахэтрэ илъэс 13 мэхъу.

- Дэ рынокым и хабзэ гъэунэхуам дытетщ. Инвесторыр хэхъуэ, лэжьакІуэр улахуэ тэмэм хуейщ. Ахэр щызэхуэхуам деж Іуэхуэри докІ. КИФЩІ ди предприятэм хуэдизу 73-рэ щыІэщ. Абыхэм дапэхъун щхьэкІэ, Іэдакъэщ1экІыр нэхъ пуду ящІ. ИкІи нэхъыфІу щытын хуейщ. ІэнатІэр зэредгъэфІэжІуам апхуэдэ Іэмал кьыдет, - кьигъэльэгъащ Ерчэным.

Іэмэпсымэщ1эм продукцэм и фІагъым хигъахъуэм и мызакъуэу, абы и лэжькІэм компьютеркІэ зэрыкІэлъыплъым щІыхуэхэм ягъэтынш. Цех нэхъыщхьэм картоным и пкъыр щагъэхьэзыр. КьызыхащІыкІэр республикэм кьыщащхэу. Я зэфІэкІым хагъэхъуэн мурадкІэ, предприятэм и унафэщІхэм хэкІыпІэщ1эхэр кьалъхьуэ, Волгоград, Астрахань областхэм, Краснодар краймрэ я Іэдакъэщ1экІхэр зэрыщІэзграгъэкІынум теухуа зэпсэльэныгъэхэр ирагъэкІуэкІ.

Гу зылъытапхъэ:

«ЭРПАК» ЗАО-р гофрокартоным кьыхащІыкІ продукцэхэм 1997 гъэ лъандэрэ йолэжь. Картон зэтепщІыкІэр, тхылымпІэ якъуэхэр, гофроошыкхэр, гофроупаковкэр зэрагъэхьэзыр иджырей Іэмэпсымэу Италием, Швейцарием, Китайм щащІхэм хуэдэкІэ цеххэр кьызэгъэпэщащ. Абыхэм метр зэбгъуэнатІэ мин 20 яубыд, предприятэм цІыхуэ 150-м щІигъу щолажь.

КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

●Фэеплъ

Пхъэхуейхэр хэзысахэм яхэтащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ Сэхъуокъуэ Хьэутий.

Дзасэжь Хьэзрэталий къопсалъэ.

«МелыІычхэм я къалэ»

«Нэщхьеяръуэм и жыг» фэеплъыр.

Хьэщхъуэжь Татьянэрэ Пащты Борисрэфэеплъым удз гъэгъахэр траліхьэ.

«МелыІычхэм я къалэ»... Ар сыт щыгъуи щымыщ... Абы сабий щыкуэд пэтми, маскьыншэщ, нэщхьейщ... Гур изыуду псэр зыфыщІ Іуплъэгъуэщ - къхъэращ а къалэр зэдэщыІэр...

АР КЪЭУНЭХУАЦ 2004 гъэм фокІадэм и 1-м - Беслъэн къалэм дэт курыт еджапІэм террористхэр теуэу махуищІэ сабийхэр гъэру яІыгъа нэужь. А махуэхэм хэкІуэда цІыху 334-м щыщу 180-р сабийт. А цІыкІуэхэм яхэтащ илъэси 3-4 ныбжь фІэкІа зимыІэхэри. Я закъуэу унэм кьыщІанэну темыгушхуэу, ахэр адэ-анэм здашат гъэеджэгъуэр къызэрызэІуах гуфІэгъуэм ирагъэпльыну. ГуфІэгъуэм... Зэрыунагъуэрэ «МелыІычхэм я къалэм» щІыху кьызэрыгуэкІхэр зыхьа гуаузэшхуэкІэ ихуа гуфІэгъуэм...

А щІэпхъаджагъэ щынагъуэм хэкІуэдахэм я фэеплъ зэхьыкъэ щекІуэкІащ Беслъэн къалэ. Ар къызэрагъэпэщат КЪБР-м ЩІалэгъуалэм я Іуэхугъэмрэ Африкэмрэ я къэралхэр зэпІэзэрыт хьужьын папщІэ ахуэзэфІэкІкІэ ядэІэпыкъуну.

Декларацэм къызэрыщыгъэпльэгъуажмкІэ, Бразилиер, Индиер, Китайр, Африкэ Ипщэр арэзыщ Урысейр Дунейпсо сату зэгухьэныгъэм (ВТО-м) хихьэныжмкІэ.

Марсым нэс

РИА НОВОСТИ хъыбарегъащІэ Іэнатіэм кьыізэритымкІэ, УФ-м Федерацэмкіэ и Советым кьыщыпсальэу, дыгъуасэ Урысей хьэрщым и унафэщІ Перминов Анатолий зэрыжиІамкІэ, Марсым кІуэну кхъухьыр хьэршым зэрыдзэлъэтеинум хьэзыр хуэхъунукъым нобэ хуагъэхьэзыр пэтми.

- Марсым дынэсын папщІэ кхъухьэр ар зэрылэжьэну, ядернэ Іэмалыщ1эхэр къэзыгъэсэбэпыну двигателри тщІын хуейщ. Ахэр хьэзыр хьумэ, а планетэ пльыжьым зы мазэ фІэкІа гъуэгу темыту, цІыкуэхэр нэсынщ, - жиІащ абы.

Перминов Анатолий кьызэрыхигъэщакІэ, апхуэдэ двигателыр 2019 гъэм хьэзыр хуэну хуагъэфащэ, кхъухьыр 2025 гъэм нэхъ пасэу яхуэзнкърылъхьэнукъым. А тІум я лэжьакІэр эзтеубзным иджыри илъэси 10 хуэдизу текІуэдзэну тращІыхь.

Перминовым зэрыжиІамкІэ, двигателхэмкІэ Марсым кІуэ гъуэгуанэ кІыхьым утегушхуэныр акъылыншагъэщ. ИкІи апхуэдэ Іуэхущхуэр зы къэрал закъуэм хуэгъэкъуруунукъым. Абы къыхэкІы, зэгурыІуэныгъэ 10 хамэ къэралхэм иращІылэну, Іэ зыщІдзагъэххэ зэгурыІуэныгъэ 4-р гъэзэщІэн щІадзэну я мурадщ.

Н Ф Ъ Э

♦Щэнхабзэм и дунейпсо махуэщ

♦КНДР-м и лъэпкъ гуфІэгъабзэщ - Дыгъэм и махуэщ (Корее социалист къэралыр кьызэзыгъэпэщащ, КНДР-м и япэ президент Ким Ир Сен кьыщалъхуа махуэщ (1912-1994).

♦ Мэлыжьыхьым и 15-16-хэм Ялтэ (Кърым) щекІуэкІыныщ СНГ-м Экономикэмкіэ и Советым и 49-нэ зэІуцІэ.

♦ Мэлыжьыхьым и 15-20-хэм Панамэ щызэхэтынущ Парламентхэм я Союзым и 124-нэ Ассамблее.

♦1912 гъэм «Титаник» кхъухь абрагъэуэр щІилъэфащ.

♦1395 гъэм Темырланрэ Тохьэтэмышцрэ Тэрч и дежьщ1эзэущ.

Дунейм и щІыпІэнур: «meteonovosti.ru» сайтым кьызэритымкІэ, нобэ Налшык пщэр техьэ-текІыу щыщытыну, къешх-къеж щыІэну къым. Хуабэр махуэм градус 18-м, жэщым - градусийм нэсынущ.

ПІанэпэр зыгъэхьэзырар **ГЪУЩІО Зарифщ.**

Зэгурыіуахэщ

ИТАР-ТАСС хъыбарегъащІэ Іэнатіэм дыгъуасэ кьызэритамкІэ, БРИКС-м и зэІуцІэм хэта къэрал унафэщІхэм Китайм щрагъэкІуэкІа саммитым кьыриІуахэр я лъабжьэу кьызэдащтащ Санья и Декларацэр, Бразилием, Урысейм, Китайм, ЮАР-м я лІыщхьэхэр сыхьэтитухуІэ зэпсэлъа нэужь, а щІыхьэт тхылъым Іэ щыщІадзащ. Санья къалэм и «Шэратон» хьэщІэщым.

А къэралхэр зэгурыІуащ щІыхьэімрэ абы кьигъэгъкубгъ толъкъунхэмрэ кІаухуихьа насыпыншагъэм и Іэужьхэр гъэкІуэдыжьынымкІэ Японием дэІэпыкъуну. «Японием и цІыхубэм дыхуощІгъуэ, зэралым гуауэшхуэ кьыщІэзэрыхьу цІыху куэдыщ зэрыхэкІуэдам кьыхьэкІыу» - кьыщІыхагъэщ а Декларацэм БРИКС-м и унафэщІхэм.

КьищынэмыщІауэ, БРИКС-м и саммитым щызэзгурыІуахэщ Ливиер зэрыт щІытыкІэр егъэфІэкІуэжьныжмкІэ ООН-м Шыналъэ щІагъэщІагъэмкІэ и Советым дэлэжьэну, КъуэкІыпІэ Гъунэгъумрэ Африкэмрэ я къэралхэр зэпІэзэрыт хьужьын папщІэ ахуэзэфІэкІкІэ ядэІэпыкъуну.

Декларацэм къызэрыщыгъэпльэгъуажмкІэ, Бразилиер, Индиер, Китайр, Африкэ Ипщэр арэзыщ Урысейр Дунейпсо сату зэгухьэныгъэм (ВТО-м) хихьэныжмкІэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕИ Элинэ** *трихащ.*

Лъэпкъ Іуэщыгъэ:

Зи лъэпкъ хыфІэзыдзэр биидзэм зрешалІэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и мэхъэр 2011 гъэм мафIэсхэм щыхъунымым и Iуэхухи

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм щышыгъэм и 11-м *№7-IIII*

Урысей Федерацым и Мэз кодексым и 83-нэ статьям ипкъ иткIэ икIи 2011 гъэм мэхъэр мафIэсхэм щыхъунэм мурадкIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Мэз хозяйствэмкIэ и къэрал комитетым (Мэшыкъуэ Хь. И.):

езым и унафэм щIэт къэрал Iуэхущ1апIэхэм - лесничествэхэм мэхъэр мафIэсхэм щыхъунэм теухуауэ 2010 гъэм зэфIагъэкIа лэжьыгъэм кIрикIуаэхэр зэхилъхьэжьи икIи 2011 гъэм зэфIагъэкIынуэр иубзыхун хуейщ;

мафIэс къыщыхъункIэ щынагуэ нэхъ здэщыIэ мэз щIыпIэхэр лъэхъэ зэрыщIащыкIыну щIыкIэр игъэбелджылын, мафIэсхэр къыщыхъуа щыпIэм кIуэурэ ахэр зыгъэункIыфIыну гупхэр къызэригъэпэщын хуейщ;

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ЩIалэгъуалэм и IуэхухэмкIэ, жылагъэ зегъэужьыныгъэм ядгъэзекIуэ и министерствэр, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыпIэ администрацIэхэр и Iэтащ1эхэм ЩэнджщэгъуэнкIыфI и техникэр, Iэмэпсымэхэр Iуэхум хуэгъэхьэзырыныр къызэригъэпэщын хуейщ;

хьыбарэхр къызыIэрыхьэ, мэзхэр хъунэмкIи егъэщIылIауэ къэрал властым и органхэмрэ щыпIэ самоуправленэм и органхэмрэ ялэжьхэр зэщIэзыгъэзыIуэ диспетчер нухет къызэригъэпэщын хуейщ;

2. Урысей Федерацым Граждан зыхъунэжьныгъэм егъэщIылIа IуэхухэмкIэ, къэхъукIыпIэ хъэпсэкIэ, къуалейсызыгъэм я Iуэхьэр гъэкIуэдыжьныжьмкIи и министерствэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэмкъ и къудамэм (Шагин С. И.) «эндэжщ етын мэхъэм къыщыхъу мафIэсхэр ягъэункIыфIынуэ къызэригъэпэщын и лъэныкъуэкIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Мэз хозяйствэмкIэ и къэрал комитетым дэIэпыкъуну.

3. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэмрэ (Васильев С. В.), Урысей Федерацым Граждан зыхъунэжьныгъэм егъэщIылIа IуэхухэмкIэ, къэхъукIыпIэ хъэпсэкIэ, къуалейсызыгъэм гъэкIуэдыжьныжьмкIи и министерствэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэмкъ и къудамэмрэ дэIэпыкъуну.

3. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэмрэ (Васильев С. В.), Урысей Федерацым Граждан зыхъунэжьныгъэм егъэщIылIа IуэхухэмкIэ, къэхъукIыпIэ хъэпсэкIэ, къуалейсызыгъэм гъэкIуэдыжьныжьмкIи и министерствэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэмкъ и къудамэмрэ дэIэпыкъуну.

4. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Мэзыгъэмэш хозяйствэмкIэ и министерствэм (Къазджэрбу А. Б.):

мэзхэм пэгъунэгъу гъавэ щIапIэхэм гъатхэ губгъуэ дэжьыгъэхэр щыщрагъэжьIуэжьIа, мэзыгъэмшэжьIэхэр къыщыщрахьэлIэжькIэ мэзхэм мафIэс къыщымысгъэхъуным и хабзэр мэкъумэш Iуэхущ1апIэхэм ягъэзэщIэныр къызэригъэпэщыным хуэгъэза Iуэхуэхэр зэфIагъэкIын хуейщ;

мэз фондым ящIхэм, мэз щыхаса щIыпIэхэм егъэщIылIа гъавэ щIапIэхэм удз гъуэхэр, жэпкъэр щагъэсыныр къэмыгъэхуным хуэгъэза Iуэхуэхэр зэфIагъэкIын хуейщ;

мэзхэм пэгъунэгъу гъавэ щIапIэхэм я гъунэжьи къахьныж икIи къавьхъыным теухуа Iуэхуэхэр къызэригъэпэщын хуейщ;

5. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыпIэ администрацIэхэм я Iэтащ1эхэм чэнджэщ етын мыпхуэдэ Iуэхуэхэр зэхилъхьэжьи зэрыхуейр щIыхуэхэм ягурагъэIуэным теухуа Iэмыгъэмэ хэтыныр;

мунициплнэ къызэгъэпэщыныгъэхэм я щIыналъэхэм хиубыдэу абыз хухамыха щIыпIэ кэушыбз идзыпIэ щыщIыпIэ къэмыгъэхуным хуэгъэза Iуэхуэхэр;

мунициплнэ къызэгъэпэщыныгъэхэм я щIыналъэхэм хиубыдэ мэзхэр гъэкIыбэзэным теухуа лъэкIыгъэхэр 2011 гъэм накIыгъэм и 1-р къэсыху зэфIагъэкIынырэ;

мафIэс къэхъунымкIэ щынагуэшхуэ щыщыщIэ зэманым мэзхэм кIынкIэ щагъэмэщIэн зэрыхуейр щIыхуэхэм ягурагъэIуэным теухуа Iэмыгъэмэ хэтыныр;

мэзхэм мафIэсхэр щыгъэункIыфIынымкъарурэ техникэрэ псынщIэу хуэзэщIагъэуIуэнымкIэ Iуэхуэхэр яубзыхуныр икIи абыкъэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Мэз хозяйствэмкIэ и къэрал комитетыр хигъэнлъагъэ;

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Мэз хозяйствэмкIэ и къэрал комитетым и унафэм щIэт къэрал Iуэхущ1апIэхэм - лесничествэхэм щыщIэхэмкIи зэманкIи ягурыIуауэ гъавэ щIапIэхэм жэпкъэхэм щыщIэ Гугъуэхэм я ирагъэкIуэ Iэмэпсымэхэм езыхэр якIэлъыплъынхэр.

6. Кадру имыIэжу къэлыгъэгъэ:

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и мэзхэр 2010 гъэм мафIэсхэм щыхъунымкIи и Iуэхуэхи»

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2010 гъэм мазаем и 25-м къыдигъэкIа Унафэ №16-IIII-м;

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2010 гъэм щыщIэсыIум и 25-м ищIа Унафэ 335-рп-м.

7. Мы унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ Ерчэн Т. Хь. къалэн щыщIын.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1
МЕРКУЛОВ Александр

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и деж щIыхуэхэм хэкур фIыуэ яльагъуу гъэсэныкIэ ведомствэхэм зэдайуэ щIыI республикэ зэзыгъэуIу советым хэтхэм я Iуэхуэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм гъатхэпэм и 31-м *№101-IIII*

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и деж щIыхуэхэм хэкур фIыуэ яльагъуу гъэсэныкIэ ведомствэхэм зэдайуэ щIыI республикэ зэзыгъэуIу советым хэтхэм я Iуэхуэ щIэн мы унафэм и гуэдзэным зэригъэгъэ хуэдэу.

2. Къару имыIэжу къэлыгъэн «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и деж щIыхуэхэм хэкур фIыуэ яльагъуу гъэсэныкIэ ведомствэхэм зэдайуэ щIыI республикэ зэзыгъэуIу советым хэтхэм я Iуэхуэкъ».

3. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2010 гъэм щыщIэсыIум и 31-м къыдигъэкIа Унафэ №178-IIII-м и пункт 1-м.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1
МЕРКУЛОВ Александр

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2011 гъэм гъатхэпэм и 31-м къыдигъэкIа Унафэ №101-IIII-мкIэ кIыщтащ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и деж щIыхуэхэм хэкур фIыуэ яльагъуу гъэсэныкIэ ведомствэхэм зэдайуэ щIыI республикэ зэзыгъэуIу советым хэтхэм я Iуэхуэкъ

Сэхъурокъуэ Хь. Хь. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэр *(советым и тхьмадэщ)*

Пащты Б. С. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щалэгъуалэм я Iуэхухэмрэ жылагъуэ зыгуэлъэныгъэм ядгъэжьныкIэ и министр *(советым и тхьмадэм и къуэдзэщ)*

Амщокъуэ Ф. Къ. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм уэзыншагъэр хъумэныкIэ и министрыр

АфIэунэ А. М. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм спортымкIэ, туризмэмрэ курортхэмкIэ и министрыр

Iэщым Ю. И. - «Урысейм и ДОСААФ» Урысейпсо жылагъуэ-хэкуэ зэгугъэныгъэм и Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Бобылев В. Н. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и православнэ члисхэм я унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Къудей Р. Хь. - «КIуэкIуэ В. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал мэкъумэш академие» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэгурыIуэныгъэр ящIэрыгъэ ельэгъуэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и проректорыр *(зэгурыIуауэ)*

Къумыкъу А. М. - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт къэрал еджапIэм и профсоюз комитетым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Дзасжь Хь. У. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Мусульманэхэм я Iуэхущ1апIэм и тхьмадэ *(зэгурыIуауэ)*

Васильев С. В. - къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щIэр *(зэгурыIуауэ)*

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм лъэныкъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкIэ и министрыр

Фыдз Р. Б. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министрыр

Харламов Е. В. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и дзэ комиссарыр *(зэгурыIуауэ)*

Хьэщхуэжь Т. Б. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым ЩIалэгъуалэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, щIыхубэ хьыбарегъащIэ IэнатIэхэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Шаваев И. П. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым ЩIалэгъуалэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, щIыхубэ хьыбарегъащIэ IэнатIэхэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Шагин С. И. - Урысей Федерацым Граждан зыхъунэжьныгъэм и IуэхухэмкIэ, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ, къэхъуа гуэвдзэгъэхэм я лъэныкъэр зэгухьэныгъэхэмрэ министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щIыналъэ и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Шыбзыхъуэ З. М.- Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядгъэжьныкIэ и министерствэм жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ политикэ партхэмрэ ядгъэжьныкIэ и кIуэдамэм и унафэщIыр *(советым жуэт зыль и секретарщ)*

Шыхъуэбахьуэ М. Хь. - Зауэм, лэжьыгъэм, Iэщ1кIэ эщIэуэзда къэхуэхэм, хабзэхъуэм ограндэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ я зэгухьэныгъэм и советым и тхьмадэ *(зэгурыIуауэ)*

ЦIыхуэгъэпсэ С. Хь. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрыр

Эфендиев Ф. С. - «ГъэзджэкIэхэм ящIэныгъэ Iшхъэр» къэрал институт» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэзыгъэ федеральнэ къэрал еджапIэм щIэныгъэ IуэхухэмкIэ и проректорыр *(зэгурыIуауэ)*.

Зэпэщхьыжу къикIуа гъэзугуанэ кIыхьым щрилъэжкIэ, Исуф ноби имыгъэщIэгъуэн лъэкIыркъым: сыту кудым кьела ар. МащIэрэ псэзэпылъкъэпIэ ихуа, акалым мащIэрэ пэгъунэгъуа, атIэми, и насып къикIыуръ, мафIаеу зыхэтам псэууэ къыхэкIащ. И гъашIэр, и дуней тетыкIар нэгум къыщыщIэгъэжкIэ, щIэгъуэжьи, дзрэжэгъуэ кьезытын мыхъуми, абы иджжакым щIэуэкIэтэжьи Iуэху - нэхъ гугъу дыдэ щIехьами, лIыгъэ зэхэгъэкIыпIэ дапщэ рэ ихуами, щыхухъуэр, адыгагъэр зэм Iэщ1ыбгъ ящIакъым, къызыхэкIа лъэпкъым, и адэжь хэкум я пщIэр зэи игъэпудакъым.

ИСУФ фы дыдэу ещIэж и жьыгъэм, Шэджэм ЕтIуанэм, колхозыр къыщыхэзграгъэпэща зэманыр. Абы щыгъуэ ар етIуанэ классым кIуэрт. И адэр фащIэу, шы Iэпсэпъэс нуфIэ хозяйствэм хэтащ, и анэр губгъуэм илэжьыкъуэм. ШыпхъуиплI илэ т, ауэ зэрыкъуэзышинэм кьыхьэкIыу, унагъуэм ильщыкъуэ лэжьыгъэхэр зи пщэм дэхэр арат. ЩIымахуэ уеIм Iэжьэ щыкIыкIэ мэзым кIу эуэр пхъэпъэсым кьиныгъэрт. Апхуэдэу щытми, унагъуэ Iуэхухэр зэрэ кьыскуэохьу жиIэу, И уф ерджэным текъуэлеикIакъым. Уеблэмэ нэхъыфIкъэм хабжэу школым щIэсащ. Кьуажэ еджапIэр кьиуха нэужь, щIалэщIэр щIотIыскъэ? Налшьк дэт медучилищэм. А здэкIуами, зыхуеI зэрыхуэмыизэр щхьэусыгъуэ ищIу, еджэныр Iэпэдэгъэлэп щищIащ. Я къуажэм икIыуэрэ лъэсу Налшык нэскIуэрт, къэкIуэжыр т. Абы щыгъуэми гъуэмылIэ ихьын дахэ-дах зу имыIэу.

40 гъэхэм я пэщIэдзэхэм щIэныгъэ зиIэр, Iэщ1агъэ гъэрым хуедмыгъуэ щыIэр мащIэтэхэ, медучилищэр кьэзыуха щалэщIэр, Наурзокъуэ Исуф, ягъэув я жьлэм къыщIэзIуаха ме дпунктым и унафэщIу. АрщхьэкIэ и лэжьыгъэм гу щимыхуэ щIакъым. Хэку зауэм хуэр кьэхъейри, и Iэнатlэм зэрыпэрыхьэрэр тхьэмахуэ зыгIу нэхъ дэмыкIауэ, фронтым Iухьащ.

Дауи, балигъыпIэ иува ныуедей щалэщIэм ищIэрэтэкъым кьыпэплъэр - зауэр зэрыщIнагъуэри, абы уи щхьэр хэплъхьэнкIэ зэрыхьунури. Ищ1эрэкъым апхуэдизкъабгъ бийм кьэуэльун, а мафIаер ильэ ежьжьыжьи, щIэрыгъуэ. Ящ1э щыкIэ Исуф яшэ Ростов, абы и ужькIэ - Новочеркасск. А щIыпIэм мазищкIэ зауэ хуэ ялуэ хуэщIхьэм щыхуагъэхьэзащ, Новороссийск кхъуэным щрагъэтыкъэщ, Кырымым кьыщIещ1ащ. Дзэшхэу хуэзащIагъэIуауэ а лъэныкъуэмкIэ ерыщу кьеIэрт фашистхэр. Абыхэм я мурадт совет флотым и хэщIапIэ нэхъыщхьэхэм ящIщ Севастополь кIуэрэ-кIуэм тегу яубыдыну. Шэджэм щIщ адыгэ щIалэр яхоуэ я къалэр бийм щызыхъужьну пщэрылъ зыщащIаэхэм.

А щIыпIэм зауэ гуащIэ зэрыщIекIуэждам и зы щыхьэтщ кьаIэм зы уэн псоууэ кьыззэрэдэмынар, нэмыщI лагъым зыгъемыхуауэ зы метр зэбгъуэзнатIи кьыззэрымынар. Совет Армэм и штаб Нэхъыщхьэм и унафэщIу щыта маршал Василевский Александр и гукъэкIыжкъэм зэрыщитхьыжьымкIэ, Iэщ1кIи цIыху бжьыгъэкIи кьекуэдэкI бийм Iэщ1амыгъэхьэу Севастополь яIыгъащ махуэ 250-кIэ. Апхуэдизэ зэманкIэ мафIаем и курыкуэпсэм хэтащ ди зэхуэгъэу щIалэр. Тенджызэ ФIыщIэм и Iуфэм Iут а кьалэшхуэрэщ зауэр зищIысыр адыгэ щIалэм нэсу кьыщищIар, зы меданкIэ ухутыкIыуэмэ, абы и лIыгъэм зэрэхихьыну хьэжьыщIыпхъэкIар. Iэщ1э иIыгъыу бийм пэщIэмытми, топгъауэ-гъэм яхэмытми, ар зыпэрыт Iуэхум нэхъ шынагъуэ мащIэ пыльтэхьым. Абы и кьалэнт зауэм фэбжь щызыгъуэтхэр кьыфыкIуэ елэ, нэмь хьэпъэхэр уIэгъэщIым нигъэсыну. Фронтым здыIутым абы гуэзвэгъуэу и нэгу щIэлэр сыт хуэдиз. Биишэ зыгтехуауэ дэIэпыкъуэгъу зыхъуэхэм, зи узыр зыкъыхэщхэм я бжыгъэр ильыгъэгъуейщ.

КIуэтэхуэкIэ бийр нэхъри ерыщу кьебгъэрыкIуэрт Севастополь. Уеблэмэ тенджызым и къэхъэ тедзапIэхэр яубыдри, дыдейхэр Iэщ1-фащIэкIи, щыгъынкIи, щхынкIи, зыкуэй хуэзымызэж хъуат. Гурыуэгъуэ зт мазийм щIигъукIэ фашистхэм Iэщ1амыгъэхьа кьаIэр адэкIэ зэрамыкъэжьмэкьифынур. Апхуэдизу щхьэкъум, ди дзэхэр я щIыпIэм кьрашыну мурад ящI. АрщхьэкIэ кхъухьитI фIэкI кьрагъэкIуэлакъым фашистхэм. Абы ихуэр итIысхэри, адрейр, мин бжьыгъэ зыбжанэ хьууэ, кьикIуэтпIэ я мыиуэ кьыпэщIащ.

Шэуэ яIэр яухыху заIыгъащ дыдейхэм, Абы щыгъуэми ящхьын ямыIэжу, псы щхьэкIэ лIыуэ, тенджызэ ФIыщIэм и псы зэщIыуэ, зы хъумакIэ яIэжтэкъым. Ди къэралым кьыкъуэувахэм я дзэр кьыщыблагъэм, псори зэбгрыкIэ, гу жьейри. А махуэ дыдэм Америкэм и дзэр кьэсщ, я хэщIапIэм гъэрхэр яшэри ягъэшхащ, яхуэпащ. Абы маэм ящIыуIэ щыIауэ, кьокIуэ Совет Армэм и лIыкIуэ офицер нэхъыщхьэ зыбжанэ. «Ди дзэр здэщыIэм нэкIуэжьыну хуейкэр зыщIэж ильэгъуэ щымыIэу, гуфIэу дыдейхэр здэщыIэм макIуэ. Абы яватобатальон гъэрым хагъэхьэри, Наурзокъуэм фельдшеру кьыдыкъуэщIэж ильэсэрэ ныкъуэм нэблагъэкIэ.

Ильэсих енкIэ зыхэта зауэ дунейкъутэжьым кьела адыгэ щIалэр 1946 гъэм и кIэхэм кьыхуэпIащIэу кьокIуэжи и гур, и псэр зыкуэзэща и адэжь щIынальэм. Фронтым здыIутым, гъэрпIэм здитым сыт хуэдизрэ и нэгу кьыщIигъэхьэрт абы и кьуажэжьыр, и губгъуэр, и сабиигъэм здэкIуэгъуэ щыта мэзыр, ЩэджкIэм псыхъэр. КьокIуэжри, махуэ л димыхьыу зыIут а Iэнатlэм эмуэрык фельдшер...

Цыхуэр щысымаджэм деж гъащIэр фIыгъэкIыжьи. И кьуажэгъу дапщэм я узыфэр ящхьэщхьэ, дапщэм я нэр игъэпIеьэжа а лIыи и Iэнатlэм зэрыбгъэдэта ильэс тIощIрэ пщыкIутэуэ кьриубыдэу. Жэщ-махуэ иIакъым, «узлбатеиэ я уаец» жиIэу кьэнакъым, кьедижьэм, зыкъуэнныкъуэм дек кIу ащ. Уеблэмэ а зэIэзэхуэм нэхърэ езыр нэхъ сымаджэу кьыщыхуихуаи щыIэщ...

Дауи, гъащIэ зыIьэгъуа дадэ Iуэмахуэр темыгуэзэныкъу кьаIэрэкъым зауэ губгъуэм здитым жэщкIэрэ зэпщIыхуэ щыта и адэжь хэкум нужь льэхъэнэм Iуэху мыхъумыщIэхэр зэрыщIекIуэкIым:

Уэлей, кьыс хэумыщIэ нобэ ди цIыхуэр щIыпIэгъуэныкъуэр, щIызэрыкъыр. Соплъри, я щхынкIи я щIыгынкIи хуэщIащ. Машинэр я куэдым. И Iпани дунейр Iейщ жаI. Уиажьэу ушхэжьи хуейуэ араш. Аур нобэ къэщхьу-щхьажьым хуабжьу зратащ ди цIыху куэдым. Ар сфIэкъабылкъым си щхьэкIэ.

И ныбжьыр илъэс 89-рэ хъу пэтми, Исуф ноби Iуэхуэнщэу щысхьэм, унагъуэм щопщащ щэ. Уеблэмэ я гъэ дыщеблэгъам уэс итхьуу арихьэкIи. «Ока» машинэ щыкIымкIэ кьуажэ жэмэджьтым мэрем махуэхэм макIуэ. Апхуэдэ ныбжьым узынщэу щIынэсам и щхьэусыгъуэу ибжьар пасэу тутыныр зэрыпсыфIидзарщ, фадэр зэрихьэрэмыр, щIэдджьжь кьэс зарядкэ зэрищIырщ, фыгъуэ-ижьм пэлэщIу, фIы щIэныным, щIыхум я сэбэп зыхэль Iуэхум и гъащIэр щхьэусыхьэ зэрыхуигащIу. КьищIемыщIауэ, лIыжь Iумахуэр, щэч хэмылIу, жырым хуэдэу зрыпсыхьащ фронтым, гъэрпIэм щIигъэва гугъуэхэ жьмэм.

Жьыщхьэ махуэ хъуауэ зы зыIьэлъытэж Наурзокъуэ Исуф иIэщ пхуящIэ зы къуэрэ. Псори унагъэщ. Дадэ Iумахуэр щогуфIыкI зыхэт гупхэм, хьэблэм, жылэм и бынхэм пщIэ зэрыщIащ, яфI мыхъумэ, я Iей зэрыжьамыIэм, я щIакъуэу Iыхьэр хьэлэлу кьалэжьыжьу зэрыпсоуэм, я щхьэусыгъэ щIэблэмэи хабзэ яхэлъу кьызэрыщIэтаждэм.

МЫЗ Ахьмэд.

● ГъащIэ

Гугъуехьхэм япсыхьа

Наурзокъуэ Исуф

гупыр 1943 гъэм и гъатхэпэ мазэм. Германием яшэ. Абы фермер гуэрым щратри, унагъуэ Iуэхуэхэр ищIэу - мэкIуэ е уэу, Iэщ игъашхэу, Iуэ игъэкъабзэу - зэманкIифIкIэ щыIащ. Ди дзэхэр фашист щIыналъэм щихьэм, аргуэрыкъэти, биим и лагерым кьыщIохутэж. Кьуэтэху зи Iуэхур нэхъыкIэ хъу нэмыщIэхэм гъэрхэр кьафIэIуэхунт - Исуф сымэ аргуэру щхьи дахэ-дахэу кьарамытыкIу щIадзэ. Дыдейхэр щаIыгъ лагерым советыдзэр щыIэблагъэм, фашистхэм гъэрхэр ирахужьэри, Швейцарием и гуфIэнкъэмкIэ яIэж.

Бийр хьэжэпхъаэ хъуат. Америкэмрэ Инджылызыбрэ я кьухъуцIыпIэгу мин, минитIым нэс зэуэ Германыщ1ым кьыщIэхъущIытэрэ Iагъымхэр кьрадзыхьырт. Зы пщэдджыжь гуэрым гъэрхэр кьызэщIуэм, зы хъумакIэ яIэжтэкъым. Ди къэралым кьыкъуэувахэм я дзэр кьыщыблагъэм, псори зэбгрыкат, гужьейри. А махуэ дыдэм Америкэм и дзэр кьэсщ, я хэщIапIэм гъэрхэр яшэри ягъэшхащ, яхуэпащ. Абы маэм ящIыуIэ щыIауэ, кьокIуэ Совет Армэм и лIыкIуэ офицер нэхъыщхьэ зыбжанэ. «Ди дзэр здэщыIэм нэкIуэжьыну хуейкэр зыщIэж ильэгъуэ щымыIэу, гуфIэу дыдейхэр здэщыIэм макIуэ. Абы яватобатальон гъэрым хагъэхьэри, Наурзокъуэм фельдшеру кьыдыкъуэщIэж ильэсэрэ ныкъуэм нэблагъэкIэ.

Ильэс 11 хъуауэ «Iуащ1ъмахуэ» гупым хэтыр зы курыт щколым щеджэ ныбжьыщIэхэрщ. Адрей республикэм кьыкIа гупхэм щыщIэхуащIсат я Хэгъуэгум щыщ щкол, лицей, гимназие, клуб зэхуэмыдэхэм я лIыкIэхэр.

Фестивалым хэту екIуэкIащ «Сыт? Дэп? Пашэщ?», «Ди джэгукIэ» зэпичэхэр, «Нарт» эпосым и пIыхьыжьхэм нобэрей ди гъашIэм щыбыдэ увыIэр» стIол хьурейр.

КIУЖ Инэ,
КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIи и министерствэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Зэпеуэ

ЕтIуанэ увыпIэр зыIэрагъэхьащ

Владикавказ къалэм иджыблагъэ щекIуэкIащ акъылыфIагъэр къэзыгъэнаIуэ джэгукIэхэм я фестивалыр, «Нартхэм я мыIэрысей» зыфIащар. Къэбэрдей-Балькъэрым и еджакIуэ гупым абы ЕтIуанэ увыпIэр кьыщихьащ.

НАРТ эпосым трауха зэхьхьэм хэтащ Кавказ Инджэрэ Федеральнэ щIыналъэм и хэгъэгу зэхуэмыдэхэм икIа гупи 6. Фестивалыр екIуэкIащ ООН-м и Сабий фондымрэ Зэпеуэмкъ дунейпсо банкымрэ я грантымкIэ, апхуэдизу мылькуэкIэ щIащIагъэкъуащ Кавказ Инджэрэ Федеральнэ щIыналъэм хьихьэ республикэхэм ерыщдджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ я министерствэхэм, Осетие Инджэрэ - Алание Республикэм щIалэгъуалэ Iуэхухэмкъ, физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIи и министерствэм, «Алания» КъТРК-м, «Альбус» клубым.

Къэбэрдей-Балькъэрым и лIыкIуэ фестивальым щыIащ «Iуащ1ъмахуэ» гупыр, Лоскэн районым хьихьэ Анзорей къуажэм дэт курыт школ №1-м и 10 - 11-нэ классхэм щеджэсу Табыхьу Мадинэ (гупым и капитант), Былымгъэт Роксанэ, Къарэ-щIыкIу Роминэ, Гугъэтыжьыр Къаншемыр, Джатэжьей Марьят, Алпъхъэ Лианэ сымэ зыхэтыр.

Илъэс 11 хъуауэ «Iуащ1ъмахуэ» гупым хэтыр зы курыт щколым щеджэ ныбжьыщIэхэрщ. Адрей республикэм кьыкIа гупхэм щыщIэхуащIсат я Хэгъуэгум щыщ щкол, лицей, гимназие, клуб зэхуэмыдэхэм я лIыкIэхэр.

Фестивалым хэту екIуэкIащ «Сыт? Дэп? Пашэщ?», «Ди джэгукIэ» зэпичэхэр, «Нарт» эпосым и пIыхьыжьхэм нобэрей ди гъашIэм щыбыдэ увыIэр» стIол хьурейр.

● Ди лъэпкъэгъуэхэм я хъыбар

ХьэщIэхэр лъапIэт

Шапсыгъэм и «Адыгэ Хасэ» Iуэхущ1апIэ Лазаревск дэтым щызэIущIащ а жылагъуэ зэгугъэныгъэм хэтхэмрэ Сочэ и къалэ администрацIэм и унафэщI Пахомов Анатолийрэ. Ахэр телсэпльыхьащ тенджызэ ФIыщIэ Iуфэр зи щIыналъэ лъэпкъыр зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэм.

ИДжЫБЛАГЪЭ Шэхэкiеишхуэ къуажэм щрагъэблагъащ Швейцаием кьикIа хьэщIэ лъапIэхэр. Ахэр Сочэ лэжьыгъэ Iуэхухэ кьэкIуат. Абы я гъусэу кьебгъэта Сочэ и унафэщI Пахомов Анатолий куейм и жылагъуэ нэхъыщхьэм щыIущIащ Адыгэ Хасэм хэтхэмрэ адыгэ кьуажэхэм я нэхъыжьыфIхэмрэ.

Къэрал финансхэр къэрал щIыбI Iэнатlэхэм къызэрыщащIэсэбэпым кIэлъыплъымкIэ Европэпсо организацэм («Euro RAI) и президент Мелли Кристианэр фIыгъэ инспекцием и унафэщI Вале Картонэр зи унафэщI лIыкIуэхэр махуэ псокIэ щыхьэщIащ Шахэ псыхъуэм кьыIуэ адыгэ жылагъуэхэм. Хьэщ1эхэм зрагъэлъэгъуащ адыгэ жылагъуэхэм я щIыпIэ нэхъ дахэхэр, Ашэмэзэхэ я гуанэм кьыдэзрагъэпэща этнографие музейм щыIащ, Сочэ зи щIыналъэ лъапIэ, Анатолий, и хабзэхэм, и щэнхабзэм зыщагъэгъуэщащ, адыгэ шхыныгъэ куэди зыIуагъэхуащ. Ахэр ирагъэпльащ «Шапсыгъ» лъэпкъ ансамблым, «Дыгъэ бзий» сабий хорым и концертым.

- Олимпиадэр щекIуэкIыну щIыпIэм кьыбгурыпIэ жылагъуэхэм лIыкIуэхэр япэу кьыкIуэуа арати, ёзыкъэм я псалъэм щепщIыкIмэ, зэредгъэблэгъар егъэлеяуэ ягу ирихьащ, - жеIэ Шэхэкiей кьуажэ администрацIэм и Iэтащ1хэ Бердий Руслан, - Швейцарием кьыкIа хьэщIэхэм ильэгъуащ щапсыгъэхэм я псэуIэр, тенджызэ ФIыщIэ Iуфэм и дахагъым итхьэкъуэгу кIуэжакъущ.

Адыгэ Хасэм хэтхэм, щапсыгъ жылагъуэхэм я нэхъыжьхэм щыщу мэлыжьхьым и 30-м Лазаревскэ щекIуэкIыну отчетхэкIыныгъэ зэIущIэм щаIущIам, Пахомов Анатолий кьызэрыкIыгъэхэм я Адыгэ Хасэмрэ зэрызэщIалажьэм и фIыгъэкIэ, иужьрей илъэсэхэм куэд зэфIагъэкIащ, ауэ ар ящIащIыпIэ Iуэхухэм я щIэдзапIэу аркъуедгъэ. Шэч хэмылIу, гугъуехьэр мащIэкъым икIи ахэр властиту «Адыгэ Хасэмрэ» зэгъусэу зэфIагъэкIыпхъэщ, пщIэ зэхуэщIрэ зэгурыIуэу, зэдзIэпIыкъуу. КъищынэмыщIауэ, Сочэ и унафэщIым къыхигъэщхьэхуащI щхьэлъэм и еджакIэ тенджызэ ФIыщIэм и Iуфэм щыпсэу адыгэхэм екIуэкIыну Олимпиадэм зэрелпъым мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Дунейпсо олимп комитетым и хабзэмкъым тету, Сочэ щекIуэкIыну ЩIымахуэ Джугуэр кьыздэIэлъэныкъуэ зэхуэщIыжьыгъэ нури адыгэхэращ. Ар жэуаплынэгъэшхуэ зыпылъ щIыхь лъагэщ.

ЗэIущIэр екIуэкIащ купщIафIэу. Сочэ кьалэм адэкIэ зиужьыныным щрагъэмурадгъэр зэпкърыхауэ кьигъэгъэлъэгъуэ нэужь, Пахомов Анатолий гульытэ хэлъу едэIуащ адыгэ жылагъуэхэм кьикIа нэхъыжьыфIхэм я псалъэм. Ахэр егъэгуэвэ щIы-мылъку зэхущытыкIэхэм, иджырей демографие щыIэныгъэм, щапсыгъэ жылагъуэм, щапсыгъэ-гъуэлэм щыщ лэжьапIэншэхэр зэрыкъудыщэм. Ахэр мэгугъэ зэралыр кьадэIэпыкъуну анэдэлъхубзэр яджыным, щыпсэу щIыналъэр, лъэпкъ хабзэр, щэнхабзэр яхъумэным ехьэлIауэ. Тенджызэ ФIыщIэм и Iуфэм щы